

Ivyo womeya bijanye  
n'ukuvuga no kumva  
Izina ry'umwana:

.....

### Kumavuko gushika ku mezi 3

- Atangura kumenyera amajwi
- Arasanuka canke arasimba hari ijwi ryiyadukije

### Kuva ku mezi 3 gushika kuri 6

- Arahindukiza umutwe canke amaso kuhantu ijwi riturutse
- Asa n'wumviriza
- Arishura ku majwi
- Atangura guhoha

### Kuva ku mezi 6 gushika kuri 12

- Arumva amajambo yoroshe nka "oya" canke bayi bayi
- Atangura kwigana amajambo n'amajwi
- Arahindukiza umutwe ku majwi yoroshe

### Kuva ku mezi 12 gushika kuri 18

- Uko indwi zikurikiranana, asa n'uwongerekanya amajambo yumva
- Umubajije, arekana abantu, ibihimba vy'umubiri canke ibikinisho
- Asabwe gukora ibintu vyoroshe arabikora akarorero: "icara"

Ukaba ufise impungenge zijanye n'inyumviro y'umwana wawe, vyiganire umuganga akwirikirana umwana wawe canke abakozi b'aho usanzwe wivuriza.

## Pimisha inyumviro z'umwana wawe ku buntu

Uzomenya gute ko ndakumva?



Igikorwa ca **Healthy Hearing Program** (Porogarama itunganya ibijanye no kumva), ni kumenya abana bavutse bafise ingorane zokumva. Nta mahera basaba, kandi mu mpera za 2006, izofasha abana bosi bavukira muri Queensland.



## Igipimo c'inyumviro z'umwana wawe

Kuva mu mezi yambere y'amavuko, inyumviro nziza zirafasha umwana wawe mu gukomeza ububasha bwo kuvuga. Hafi umwana umwe canke babiri mu bana 1000 baratakaza ububasha bwo kumva. Igihe badatoye mu misi yambere ko umwana wawe atumva, bishobora kuzotuma agira ingorane zo kuvuga no gukurikira ivyigwa kw'ishule.

Isango yo kuja kugipimo ya ...

Italiki .....

Isaha .....

Ikibanza .....

### Ibice vy'ibipimo vy'amagara y'umwana

Igikorwa ca Healthy Hearing Program (Porogarama itunganya ibijanye no kumva), ni kumenya abana bavutse bafise ingorane zokumva. Nta mahera basaba kandi izofasha abana bosi bavukira muri Queensland, gushika mu mpera za 2006.

Hari ibipimo umwana wawe azoronka amaze kuvuka. Kimwe muri ibi ni kumenya ko yumva. Iki gipimo giterezwa gukorwa, mu maguru masha inyuma y'amavuko. Bitabaye imbere yuko wewe n'umwana muva mu bitaro, barashobora kuzopima umwana wawe naho muzoba muje kubitaro muvuye muhira.

### Gupimwa bigenda gute?

Igipimo c'inyumviro ntikibabaza umwana wawe. Umuforomo canke uwariwe wesi yize ubwo buhinga, arashobora gupima umwana mu gihe atekereje canke asinziriye. Hari utumadiko bazoshira ku mutwe w'umwana, hakaba n'udutsinga two kumva bazoshira mu matwi y'umwana. Hari utujwi tworoshe bazoshira mu matwi y'umwana wawe. Utwo tumadiko tuzoca twandika inyishu zijanye n'utwo tujwi.

### Nzomenya inyishu ryari?

Inyishu yiyanditse izomenyekana buno nyene, kandi bazoyishira mu gatabu k'amagara y'umwana wawe. Muzoca muganira ivyerekeye iyo nyishu, n'uwo apima. Nimba harico udasobanukiwe ko, baza Ibizo.

### Igipimo kizotanga inkuru imeze gute?

Ku gutwi kumwe kumwe, igipimo kizovuga ko vyagenze neza canke ko hari agahaze. Igipimo ntikizotanga inyishu y'imvaho ijanye n'inyumviro z'umwana wawe.

### Inyishu ivuga ko ari sawa ivuga iki?

Iyo inyishu y'igipimo ku matwi yosi ije ivuga ko ari sawa, ni kuvuga ko umwana adasa n'uwuzotakaza ububasha bwo kumva arivyo vyomubera intambanyi mu kuvuga.

Naho inyishu yoba ari nziza, hari igice gito c'abana bashobora kuzotakaza ububasha bwo kumva. Ibimenyetso bigaragara haheze igihe kitari gito. Umwana wawe agize izi ngorane, arashobora kuzopimwa n'umganga ashinzwe ivyukumva, imbere y'uko akwiza umwaka w'amavuko. Igihe co gupimwa, kizova n'ivyo umwana wawe akeneye. Naho ari abana bake berekana ibi bimenyetso, umwana wawe arakeneye kuja kuri iki gipimo.

Uribuka ko ububasha bwo kumva ku nzoya n'abana bihinduka uko igihe gihera. Niwagira impungenge kuvyerekeye inyumviro z'umwana wawe, vyiganire muganga wawe canke abakozi b'aho usanzwe wivuriza. Ibipimo bishobora gukorwa ku nzoya canke abana igihe cosi.

### Mu gihe inyishu yerekana ko hari agahaze naho?

Ibintu bituma inyishu iy'igipimo isubira kwihwezwa ni nk'ibi:

- Umwana ntiyatekanye mugihe bamupima
- Hoba hari urwamo hafi y'aho igipimo cakorwa
- Mu matwi hashobora kuba harimwo nk'amazi canke hari ivyayazibiye amaze kuvuka
- Abana bakeyi barashobora gutakaza ububasha bwo kumva bwegu canke igihe kimwe. Ingene bigenda bishobora kuba mitende canke bigakomera.

Mu gihe igipimo cerekana ko hari agahaze mu gutwi kumwe canke yompi, bazokora ikindi gipimo ku matwi yompi.

Mu gihe igipimo ca kabiri cerekana ko hari agahaze mu gutwi kumwe canke amatwi yompi, bazogusaba kubonana n'umuganga w'amatwi, kandi bazoguha ikindi gitabo gisigura bihagije ibijanye n'ibi.

### Noronka izindi nkuru hehe?

Wifuza izindi nkuru zijanye n'igipimo c'inyumviro z'umwana wawe, hamagara ibitaro bikwegereye, muganga w'umwana wawe, canke abakozi b'aho usanze wivuriza.

